

Eske ou dakò tout bon ke w'ap ka echape anba kolè Bondye nan jou jijman an? Kote ou pral pase dènye rès tan ou se sa ki pi enpotan nan mond la. Jezi te di: "Ki sa sa ap sèvi yon moun si li genyen le mond antye epi li pèdi nanm li? Oubyen ki sa yon moun ka bay pou nanm li (Mak 8:36-37). Jezi te bay avètisman sa a: "si nou pa **repanti**, nou tout ap mouri" (Lik 13:3,5). Yon sèl fason ou ka echape anba jijman Bondye se aksepte pou ou repanti.

FONDASYON VRÈ REPENTANS LA

1. Fè fas a malis ou. Peche ou, separe ou ak Bondye. "Men inikite'w yo **separe'w** ak Bondye" (Es. 59:2). "Papa, mwen peche kont syèl la, mwen peche kont ou menm" (Lik 15:18). Ak tout entansyon ou, ou brize relasyon ou ak Bondye, ou pèsiste nan sa san ou pa santi ankenn remò. Ou Bay manti, ou vòle, ou fè adiltè nan kè'w. Ou sèvi ak non Bondye pou ou joure. Ou kenbe moun nan kè, ou aji tankou yon kriminèl. Eske ou admèt sa?

2. Pè Bondye le li fache. Èske ou konprann Bondye move ak ou pou tèt peche'w? "Bondye se yon jij san patipri, li toujou kondane mechan yo" (Sòm. 7:11). "Se pou tèt sa n'ap wè **kolè** Bondye soti desann nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak tout lenjistis moun fè" (Ro. 1:18). Si ou mouri nan peche'w w'ap fè fas ak kolè Bondye ki gen tout pouvwa a. "Paske moun sa yo va bwè diven Bondye a tou, diven

kolè Bondye a, diven san melanj Bondye vide nan gode kolè li a. Tout moun sa yo pral soufri nan dife ak souf devan zanj Bondye yo ak ti mouton an. Lafimen dife kap fè yo soufri a ap monte tout tan san rete. Moun ki adore bèt la ak estati li a, ansanm ak tout moun ki resevwa mak non li a, yo youn pap gen repo lajounen kou nan nwit" (Apok 14:10-11). Chape anba kolè kap vini an (Cp Lik 3:7)!

3. Bondye se sèl solisyon an. Bondye nan amou li, bay sèl solisyon a pwoblem peche nou genyen. Jezi Kri te mouri nan plas nou pou peye peche nou. Bon zèv paka sove nou. Bon zèv w'ap fè yo pafwa ofanse Bondye. "Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi'w. Akoz peche nou yo, nou te tankou fèy sèch van ap bwote" (Ez 64:6). Kris mouri nan plas ou pou peye fot ou te fè. "Men se soufrans nou te gen pou soufri a li te soufri pou nou. Se doule nou ta gen pou santi nan kò a li te pran sou do li. Nou menm menm nou te panse se pini Bondye tap pini li. Nou te konprann se frape Bondye tap frape li, se kraze Bondye tap kraze'l. Men se pou peche nou ki fè yo te mete san li deyo konsa... Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men chatiman ki te pou tonbe pou nou an Seyè a fe li tonbe sou li (Ez 53: 4-6).

DEFINISYON VRÈ REPENTANS LA

Repantans esansyèl avan nou kouri pou kolè Bondye, kidonk, ki sa repantans la ye ekzateman?

1. Detounen de peche pou nou sèvi. "Ou **tounen** vini jwenn Bondye, soti nan idòl **pou sèvi** Bondye ki vre a e ki vivan, e w'ap tann pitit li a kap soti nan syèl (I Thes 1:9-10). Kite peche pou ou mete konfyans ou nan Kris. Vrè repantans se yon retou total tout moun nan de tout peche li, pou li soumèt li a Bondye "Repanti epi **konvèti** pou peche ou yo ka efase" (Ak 3:19).

2. Chanje lespri'w tou. "Papa, mwen peche kont syèl la, mwen peche kont ou menm" (Lik 15:18). Vrè repantans la dakò ke peche se peche e Bondye se Bondye. Plis yon moun aprann sou Bondye ak sou peche, plis moun sa a ka repanti tout bon. "Se pou mechan yo kite move chemen y'ap swiv la. Se pou malveyan yo wete move lide kap travay nan tèt yo. Se pou yo tounen vini jwen Seyè a ki va gen pitye pou yo. Se pou yo tounen vini jwenn Bondye nou an, paske l'ap padone tou sa yo fè" (Ez 55:7).

3. Chanje nan emosyon ou. "Benediksyon pou moun ki dou paske ya resevwa byen Bondye te sere pou yo sou la tè"(Mat 5: 4). Moun ki pa sove rejwi yo de peche yo. Moun ki repanti, peche fè yo soufri. Nou rayi li e nou rete lwen li. "Mete yon mak sou fwon tout moun ou we kap **plenn**, ki nan gwo **lapenn** pou tout vye bagay derespektan k'ap fèt nan vil la" (Ezek 9:4). Se vre, nan nati peche nou an, nou toujou kontinye tante pa mwayen plezi peche men yon moun nouvo toujou santi li pa alèz le peche ap atire li. Nou rayi sa paske nou toujou gen dezi peche. Lespri Bondye pote gwo **konviksyon** ki gen fòs sou kretyen ki tonbe nan peche (Jan 16:8). Nou wont peche (Ez. 44:9), e nou renmen Bondye (I Jan 4:19; 5:3).

4. Yon Chanjman Nan Volonte. Vrè repantans la **vle** pou nou sispann peche, pou komanse sèvi Bondye. Yo ka fòse yon kriminèl pou li sispan fè kèk krim tankou volè, men li pa **vle** kanpe. Reyelite prizon an fose li pa fè krim. Yon moun ki repanti tout bon li kriye devan Bondye pou delivrans ak viktwa sou peche, e li gen tout entansyon pou kite peche pou vini sèvi Bondye (Ro 7:18, 21).

5. Yon Chanjman Nan Aksyon. “Yo dwe **repanti**, tounen vini jwenn Bondye, e pwouve **ke repantans yo a pa mwayen zèv**”(Ak 26:20). Yon chanjman radikal nan la vi se prèy yon **repantans** tout bon (Mat 3:8). Si pa gen chanjman, pat gen repantans tou. “Ki donk nenpòt pyebwa ki pa pote **bon fwi** yo dwe koupe li, jete li nan dife” (Mat 3:10). Zache, pèseptè kontribisyon an te di Jezi, “Seyè, map bay pòv mwaye nan byen mwen yo e si mwen te pran nenpòt bagay yon moun pa mwayen akizasyon ki pa korèk, m’ap remèt li 4 fwa la valè. E Jezi di li, jodi a sali (delivrans) antre lakay ou” (Lik 19:8-9).

6. Yon Chanjman Nan La Fwa. Repantans se yon chanjman de eta peche pou sèvi Kris nan la fwa. (cp Ak 20:21). Moun sa yo ki kwè nan bon zèv yo pou yo sove, yo poko **repanti** tout bon. Peche nou yo nan kò li sou kwa a. Kris mouri pou peye penalite lamò pou peche nou. Men Bondye fèmen zyel sou tout tan sa yo moun pase nan liyorans, koulye a li rele yo tout, kote yo ye, pou yo **tounen** vini jwenn li (Ak 17:30).

Nou Sigjere Priyè Sa A

Bondye, gen pitye pou mwen kòm pechè. Seyè, mwen repanti! Mwen kwè ou te mouri pou mwen e leve ankò. Mwen kwè ou se Bondye pitit la (Dieu le Fils), sovè a. Mwen vire do bay peche pou mwen kwè nan ou e sèvi ou kom sovè mwen. Sove m souple, pa mwayen gras ou. Mwen pwomèt pou m obeye ou, pou m batize e fè m manm nan yon legliz pou etidye pawòl ou. Nan non Jezi mwen priye w. Amen!

- “Se konsa Bondye fe sèvitèl la parèt, li voye l ban nou avan pou l **beni nou** pou li fè nou tout **kite** mechanste nou yo” (Ak 3:26).
- “Men si nou pa **tounen** vini jwenn Bondye, nou tout n’ap **peri** menm jan an tou” (Lik 13:3, 5).

Plis pase 661,000 kopi distribye

Vrè Repantans La

Dr. David Downs
www.cornerstoneorlando.org